

## Transkrip Rekaman 1

**Hari /Tanggal** : Sabtu, 5 November 2011  
**Waktu** : 05.00 WIB  
**Lokasi** : Kamar

Hamas : *Hehehe.. Iki apa biru-biru?*  
Apri : *Iki ta? Iki andhuk.*  
Hamas : *Iki lho neng HP lho.*  
Apri : *Iki mau HP ne mati.*  
Hamas : *Hallo, lo hallo.*  
Apri : *Hamas, kowe mlebu sekolah?*  
Hamas : *He? Apa?*  
Apri : *Kowe mlebu sekolah? kowe neng budhe mau ngapa jane?*  
Hamas : *Ndonga kok.*  
Apri : *Wudlu ta?*  
Hamas : *Iya.*  
Apri : *Ndonga kanggo sapa?*  
Hamas : *Adhiku lah.*  
Apri : *Kowe mlebu sekolah ora?*  
Hamas : *Sekolah dong. Iki apa?*  
Apri : *Jaket ngana kok.*  
Hamas : *Iki anune sapa?*  
Apri : *Jakete om Apri ngana kok.*  
Hamas : *Lha kok wis suwek?*  
Apri : *Lha bolong kok.*  
Hamas : *Iki anune sapa?*  
Apri : *Nggone mas Topa.*  
Hamas : *Kok ora dikumbah ta om?*  
Apri : *Lha iki dikumbah mulakna ra enek.*  
Hamas : *Ngumbah dhewe ta?*  
Apri : *Ngumbah dhewe piye.*  
Hamas : *Lha ngapa?*  
Apri : *Ya iya dikumbah dhewe.*  
Hamas : *Saiki jam pira om?*  
Apri : *Saiki ta? Jam lima. Mau bengi turune nyenyak ora?*  
Hamas : *Nyenyak no.*  
Apri : *Lha ya kowe jam enem wis turu wong ora nonton bal kok.*  
Hamas : *Ya ora.*  
Apri : *Mas Topa neng ngendi?*  
Hamas : *Turu.*  
Apri : *Wayah sak mene diajak adus.*  
Hamas : *Lha masku kok. Iki apa om?*  
Apri : *Monitor*  
Hamas : *Monitor kanggo ngapa?*  
Apri : *Monitor kanggo ngene iki.*

Hamam: *Kok ireng banget iki.*  
Apri : *Iyo apa? Kowe mlebu jam pira?*  
Hamam : *Iki lho ireng banget.*  
Apri : *Kowe arep adus ora?*  
Hamam : *Mengko dhisik.*  
Apri : *Kae tulisane piye?*  
Hamam : *N A P O L L Y*  
Apri : *Apa wacane? Napoli*  
Hamam : *Napoli? Iki bantale sapa om?*  
Apri : *Bantale nggonmu kok.*  
Hamam : *Lha iki?*  
Apri : *Lha nggonmu kok.*  
Hamam : *Om apri tase loro.*  
Apri : *Tasmu mung siji ta?*  
Hamam : *Yo loro. Iki apa om?*  
Apri : *Kamus.*  
Hamam : *Iki ndelok. Ndelok om.*  
Apri : *Ya.*  
Hamam : *Kampus.*  
Apri : *Kamus kok.*  
Hamam : *Kamus ki apa?*  
Apri : *Kamus ki kuwi, isine tentang kata-kata sing arep kok goleki.*  
Hamam : *Kepiye ta om? Kampus.*  
Apri : *Kamus.*  
Hamam : *Kamus ki apa?*  
Apri : *Lha ya iya. kata-kata sing pengen mbok goleki.*  
Hamam : *Kuwi apa? Tulisane?*  
Apri : *Diwaca no.*  
Hamam : *A J H, iki apa?*  
Apri : *Apa?*  
Hamam : *A C R.*  
Apri : *Acar*  
Hamam : *Acar*

## TRANSKRIP REKAMAN 2

**Hari /Tanggal** : Minggu, 5 November 2011  
**Waktu** : 16.00 WIB  
**Lokasi** : Ruang keluarga

Apri : *Jenengmu sapa nek didawakke?*  
Hamam : *Hamam Safi'i*  
Apri : *Udu, Hamam Safaatun Safi'i. Omahe ngendi?*  
Hamam : *Mriki.*  
Apri : *Mriki pundi?*  
Hamam : *Selogiri*  
Apri : *Bapake asmane sinten?*  
Hamam : *Pak Budi.*  
Apri : *Ibuke?*  
Hamam : *Bu Emi.*  
Apri : *Hamam kelas pinten?*  
Hamam : *Kelas TK.*  
Apri : *TK napa?*  
Hamam : *TK B.*

#### TRANSKRIP REKAMAN 4

**Hari /Tanggal : Senin, 5 November 2011**

**Waktu : 19.00 WIB**

**Lokasi : Ruang Tamu**

Apri : *Ajar maca le.*

Hamas : *Kemana apa hi ma u hi tu bu fu gu hu u*

Apri : *Baleni rung lancar kok*

Hamas : *Iki uwis, om salat om!*

Apri : *Salat? ayo!*

Hamas: *Wegah sampeyan dhisik*

Apri : *Lha kowe apa ora sholat? Ayo!*

Hamas : *Arep garap PR*

Apri : *Endi? Lha oleh apik kok bijimu*

Hamas : *Apik ana sing C barang*

Apri : *Gek ditulis kene*

### TRANSKRIP REKAMAN 3

**Hari /Tanggal** : Minggu, 5 November 2011  
**Waktu** : 17.00 WIB  
**Lokasi** : Jalan

Apri : *Sore jam lima Hamas dolanan.*

Hamas : *Apa?*

Apri : *Dolanan iki lho. Montor-montoran.*

Hamas : *Ndron! ndron! ndron! rene om, iki om.*

Hamas : *Bane copot siji.*

Apri : *Lha ngapa?*

Hamas : *Dicopot dhisik om! Didhandani kok!*

#### TRANSKRIP REKAMAN 4

**Hari /Tanggal : Senin, 5 November 2011**

**Waktu : 19.00 WIB**

**Lokasi : Ruang Tamu**

Apri : *Ajar maca le.*

Hamas : *Kemana apa hi ma u hi tu bu fu gu hu u*

Apri : *Baleni rung lancar kok*

Hamas : *Iki uwis, om salat om!*

Apri : *Salat? ayo!*

Hamas : *Wegah sampeyan dhisik*

Apri : *Lha kowe apa ora sholat? Ayo!*

Hamas : *Arep garap PR*

Apri : *Endi? Lha oleh apik kok bijimu*

Hamas : *Apik ana sing C barang*

Apri : *Gek ditulis kene*

## TRANSKRIP REKAMAN 5

**Hari /Tanggal : Selasa, 6 November 2011**

**Waktu : 15.00 WIB**

**Lokasi : Teras**

Hamam : *Hoooh ya mbak ya. Pancen sing abang kae ya. Om Apri kecele. Sampeyan lak foto kae ta?*

Apri : *Foto ning endi? Ora kok.*

Hamam : *Halah. Foto sing pas kae ta. Foto sing ngene-ngene iki.*

Apri : *Ora kok.*

Hamam : *Delok-delok.*

## TRANSKRIP REKAMAN 6

**Hari /Tanggal : Rabu, 9 November 2011**

**Pukul : 20.00 WIB**

**Lokasi : teras**

Hamam : *Siji, loro, telu.*

Tofa : *Mosok telu?*

Hamam : *Sji, loro, telu, papat, lima, enem, pitu, wolu, sanga, sepuluh, sewelas, rolas, telulas ki.*

Tofa : *Ya ra isa. Ya sing iki wae*

Hamam : *Siji, loro, telu, papat.*

Tofa : *Saiki sing endi ya? Sing iki gambar apa?*

Hamam : *Gedhung nggo nganu, muter-muter.*

Tofa : *Udu gedhung. Mekah.*

Hamam : *Mekah*

Tofa : *Iki?*

Hamam : *Mejid*

Tofa : *Iki?*

Hamam : *Ikroq*

Tofa : *Iki? alQuran*

Hamam : *AlQuran*

Tofa : *Iki?*

Hamam : *Ibadhah*

Tofa : *Iki AlQuran. Iki?*

Hamam : *Iqrok.*

Tofa : *Iki?*

Hamam : *AlQuran. Betul.*

Tofa : *Iki?*

Hamam : *Mekah.*

Tofa : *Ha'ah. Iki?*

Hamam : *Masjid.*

Tofa : *Iki apa iki?*

Hamam : *Topi*

Tofa : *Udu, sing dingo Pake kae Iho neng Masjid.*

Hamam : *Kupluk.*

Tofa : *Iki jenenge peci.*

Hamam : *Peci.*

Tofa : *Iki?*

Hamam : *Sarung.*

Tofa : *Iki?*

Hamam : *Jam*

Tofa : *Iki lagi ngapa iki?*



Hamas : *Nonton tivi*  
 Tofa : *Ora, iki lagi tangi turu. Iki lagi ngapa iki?*  
 Hamas : *Lagi shalat.*  
 Tofa : *Iki ning ngendi?*  
 Hamas : *Suramadu.*  
 Tofa : *Udu Suramadu, iki neng terminal. Iki lagi ngapa iki?*  
 Hamas : *Nyirami kembang.*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Makani iwak*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Nganu, makani pitik*  
 Tofa : *Ha, betul. Iki lagi ngapa?*  
 Hamas : *Resik-resik.*  
 Tofa : *Betul. Iki apa iki?*  
 Hamas : *Kentongan*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *HP*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Telpon.*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Thog, thog. Thog.*  
 Tofa : *Thog, thog, thog apa? Bedhug.*  
 Hamas : *Bedhug.*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Lagu*  
 Tofa : *Mosok lagu, salah. Apa?*  
 Hamas : *Radio*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *TV*  
 Tofa : *Ha..*  
 Hamas : *Iki urung.*  
 Tofa : *Endi?*  
 Hamas : *Iki.*  
 Tofa : *Apa?*  
 Hamas : *TV*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Radio.*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Tembakan.*  
 Tofa : *Kaya ngene kok tembak. Iki lho.*  
 Hamas : *Penthung.*  
 Tofa : *Iki lampu*  
 Hamas : *Lampu*

Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Gosokan*  
 Tofa : *Iki mau?*  
 Hamas : *Lampu.*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Apa?*  
 Tofa : *Sing nggo masak kae lho.*  
 Hamas : *Kompor*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Magickcom*  
 Tofa : *Iki, dik Hamas lagi ngapa?*  
 Hamas : *Lagi telpon.*  
 Tofa : *Nek iki bapak lagi ngapa?*  
 Hamas : *Lagi Allahhu akbar Allahhu akbar*  
 Tofa : *Sek, tak golekane meneh ya. Iki lagi ngapa?*  
 Hamas : *Ngombe.*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Ngumbahi*  
 Tofa : *Iki ibuk lagi ngapa?*  
 Hamas : *Nggoreng, masak.*  
 Tofa : *Hu'um, iki?*  
 Hamas : *Adus, sabunan.*  
 Tofa : *Iki dik Hamas lagi ngapa?*  
 Hamas : *Dolanan.*  
 Tofa : *Udu dolanan, iki balapan.*  
 Hamas : *Balapan.*  
 Tofa : *Iki? Bapak lagi ngapa?*  
 Hamas : *Maem.*  
 Tofa : *Mosok maem. Iki? Sikatan.*  
 Hamas : *Sikatan.*  
 Tofa : *Iki? Mbak iyas lagi ngapa?*  
 Hamas : *Turu*  
 Tofa : *Iki dik Hamas ning warung ngapa?*  
 Hamas : *Tuku jajan.*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Ngguwang sampah.*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Wudhu.*  
 Tofa : *Iki apa?*  
 Hamas : *mlayu*  
 Tofa : *Iki mbahe lagi ngapa?*  
 Hamas : *Resik-resik.*  
 Tofa : *Iki tukang apa?*

Hamas : *Tukang becak.*  
 Tofa : *Iki lagi ngapa?*  
 Hamas : *Nyopot klambi*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Ngumbah apel*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Upacara.*  
 Tofa : *Kaya ngene upacara. Apa?*  
 Hamas : *Apa?*  
 Tofa : *Iki ning pasar. Iki?*  
 Hamas : *Mbak Iyas.*  
 Tofa : *Iki?*  
 Hamas : *Dik Hamas*  
 Tofa : *Uwis ya. Kowe wis maem hurung mau?*  
 Hamas : *Uwis.*  
 Tofa : *Lawuhe apa?*  
 Hamas : *Tempe kering*

## TRANSKRIP REKAMAN 7

**Hari /Tanggal : Kamis, 9 November 2011**

**Waktu : 06.30WIB**

**Lokasi : Mobil**

Apri :*Kowe mengko muleh jam pira?*

Tofa :*Sore aku*

Apri :*Iki hamas kok.*

Hamas :*Lha kowe jam pira?*

Apri :*Aku jam bar luhur. Lha kowe ya bar luhur?*

Hamas :*Jam 11, ora awan ora sore.*

## TRANSKRIP REKAMAN 8

**Hari /Tanggal : Kamis, 9 November 2011**

**Waktu : 06.30WIB**

**Lokasi : mobil**

Hamam : *Kowe duwe pacar ta ning fotomu ta?*

Apri : *Apa iya?*

Hamam : *Ho'oh.*

Apri : *Kok mudheng kowe?*

Hamam : *Mudheng*

Apri : *Kon muterke lagu apa? Pengamen ya?*

Hamam : *Hu'um. Iki lho om gawa, dokokke kene wae.*

Apri : *Aja dipencet ya.*

Hamam : *Iki apa?*

Apri : *Aja dipencet.*

Hamam : *Lha nggo ngapa?*

Apri : *Jenenge sapa kowe?*

Hamam : *Hamam.*

Apri : *Hamam sapa?*

Hamam : *Hamam Safi'i.*

Apri : *Ya dudu, Hamam safa'atun.*

## TRANSKRIP REKAMAN 9

**Hari /tanggal** : Kamis, 10 November 2011

**Waktu** : 19.30 WIB

**Lokasi** : kamar

Hamam : *Apa iki om? He om? Iki apa? Iki apa ta om?*

Apri : *Centhoken wae lak apik. Rambutmu gaul no. Sing dandani sapa kowe mau?*

Hamam : *Aku*

Apri : *Kowe? Nganggo minyak apa?*

Hamam : *Ora nganggo minyak, nganggo banyu.*

Apri : *Nganggo banyu? Lho kok ijih awet.*

Hamam : *Njeglek om*

Apri : *Hoooh njeglek.*

Hamam : *Ngeng ngeeng ngeeng tin tin*

Apri : *Aja diputeri wae, apa ora ya rusak.*

Hamam : *Lha hpne om apri bisa diputer ta om?*

Apri : *Ora.*

Hamam : *Lha ngapa?*

Apri : *Lha apik ko.*

Hamam : *Le moto kepiye om? Ngene?*

Apri : *Ora bisa kuwi fotone. Bisane lagu thok.*

Hamam : *Nggone ibuku bisa.*

Apri : *Jam pira iki mas?*

Hamam : *Jam 10. Thik ngene terus to om, ngapa?*

Apri : *Apik ora?*

Hamam : *Apik.*

## TRANSKRIP REKAMAN 10

**Hari /Tanggal : Minggu, 13 November 2011**

**Waktu : 20.30WIB**

**Lokasi : Kamar**

Peneliti : *Ngapa?*  
Hamam : *Iki lagune apa?*  
Peneliti : *Kowe jaluk lagu apa?*  
Hamam : *Aku bukan lah supermen. enek ora?*  
Peneliti : *Aku bukanlah superman ngana?*  
Hamam : *Nek laptopku, ning laptope bapakku enek. Iki dadেকে lima nek ditembake lak menang*  
Peneliti : *Ha'a apa?*  
Hamam : *Iki apa om?*  
Peneliti : *Game.*  
Hamam : *Dolanan. Hooeh, padha ngalih, ngalih, minggir minggir neng njaba aku arep dolanan. Njilih.. njilih... njilih.*  
Peneliti : *Nya*  
Hamam : *Halah, kepiye om.*  
Peneliti : *Iki lho sing nduwur diudhunke.*  
Hamam : *Alamak.. om ngene kepiye om.*  
Peneliti : *Ditokke wae, mungga level.*  
Hamam : *Terus kepiye om?*  
Peneliti : *Arep main kuwi maneh apa liyane?*  
Hamam : *Iki maneh*  
Peneliti : *Diklik sing nduwur*  
Hamam : *Nduwur iki.*  
Peneliti : *Iya*

## TRANSKRIP REKAMAN 11

**Hari /Tanggal : Minggu, 13 November 2011**

**Waktu : 17.30WIB**

**Lokasi : Halaman**

Peneliti : *Rene wae mas. Rene, kowe bisa ngepit sing ngajari sapa?*

Hamas : *Eeeemm.. mbak iyas.*

Peneliti : *Kowe kelas pira?*

Hamas : *Enol kecil, kelas tk... ngeennnggg...*

Peneliti : *Dolanan apa kui.*

Hamas : *Awas, awas.. Ndron ndron ndron..*



## TRANSKRIP REKAMAN 12

**Hari /tanggal** : **Senin, 14 November 2011**

**Waktu** : **16.00WIB**

**Lokasi** : **Ruang tamu**

Peneliti : *Om Apri ning ngendi mas?*  
Hamam : *Ning kolam iwak.*  
Peneliti : *Kolame ngendi?*  
Hamam : *Ning mburi. Iki gawa apa om?*  
Peneliti : *Nangka karo rambutan.*  
Hamam : *Kowe pinter ora om?*  
Peneliti : *Pinter no, lha kowe?*  
Hamam : *Pinter. Om Nanang saiki gundhul. Kaya bapak.*  
Peneliti : *Lha bapakmu ning ngendi?*  
Hamam : *Kerja. Aku arep ning nggonanmu ki.*  
Peneliti : *Kapan?*  
Hamam : *Ning nggon mbah kakung.*  
Peneliti : *Mbah Papringan?*  
Hamam : *Dudu mbah Papringan.*  
Peneliti : *Lha?*  
Hamam : *E, ngendi om? Sing akeh iwake kae lho.*  
Peneliti : *Ngendi? Klaten.*  
Hamam : *Dudu Klaten. Magelang. Ning kana ana drag om?*  
Peneliti : *Ana bengkel motor kok Magelang.*  
Hamam : *Akeh?*  
Peneliti : *Akeh, gaweane nyeting motor ngana. Nek aku ra melu.*  
Hamam : *Ning Magelang ana sapa om?*  
Peneliti : *Ana Mbah buyut.*  
Hamam : *Terus?*  
Peneliti : *Bapak.*  
Hamam : *Terus?*  
Peneliti : *Ibu, Tante.*  
Hamam : *Terus.*  
Peneliti : *Zidane Kevin.*  
Hamam : *Zidane Kevin?*  
Peneliti : *Om Apri saiki ning ngendi?*  
Hamam : *Ning kamar kulon.*  
Peneliti : *Marani om Apri yo.*  
Hamam : *Kowe gawa laptop ora om?*  
Peneliti : *Ora.*  
Hamam : *Nek kowe rene kapan- kapan gawa laptop ya. Aku arep dolanan.*  
Peneliti : *Dolanan apa?*

Hamas : *Sing tembak tembakan kae.*  
Peneliti : *Adhikmu anteng mas.*  
 Hamas : *Hu'um.*  
Peneliti : *Wis isa ngguyu urung?*  
 Hamas : *Urung ngguyu. Ibu meteng meneh?*  
Emi : *Meteng piye to le. Mosok meteng-meteng wae.*

## TRANSKRIP REKAMAN 13

**Hari /Tanggal : Senin, 14 November 2011**

**Waktu : 15.00WIB**

**Lokasi : Ruang tamu**

Hamam : *Wuahaaha, om Nanang gundhul. Om!*  
Peneliti : *Apa?*  
Hamam : *Kancamu jenenge sapa?*  
Peneliti : *Kanca sing endi?*  
Hamam : *Sing ning sekolahan*  
Peneliti : *Sekolahan. Jenenge akeh.? Faturrohman.*  
Hamam : *Terus.*  
Peneliti : *Mustofa Amri*  
Hamam : *Terus*  
Peneliti : *Didik*  
Hamam : *Terus*  
Peneliti : *Kwui sik wae. Akeh aku ra apal. Kancamu ning sekolahan sapa?*  
Hamam : *Topik karo Dimas. Terus sapa ya, Epik cah wedok.*  
Peneliti : *Ha? Epik cah wedok?*  
Hamam : *Epik sok tak jak crita. Terus Rio, Zaki.*  
Peneliti : *Zaki omahe ngendi?*  
Hamam : *Omahe PKU. Ngendi ya? Manten anek. Vio, wis kuwi thok.*  
Peneliti : *Sithik men kancamu.*  
Tofa : *Terus ning sekolahan ana apa?*  
Hamam : *Ana dolanan anak.*  
Tofa : *Apa jenenge?*  
Hamam : *Jenenge apa ya, omah omahan. Terus ana ronce.*  
Peneliti : *Apa kuwi ronce?*  
Hamam : *Ronce ki nggo gelang apa gawe kalung ngana lho.*  
Peneliti : *Disambung sambung?*  
Hamam : *Ha'a disambung-sambung gawe kaya O apa kaya C apa kaya D apa kaya bintang. Iki apa om?*  
Peneliti : *Nangka kuwi mas.*  
Hamam : *Nangka. Tuku ngendi?*  
Peneliti : *Pasar Pakem.*  
Hamam : *Kowe kelas pira om?*  
Peneliti : *Kelas telulas aku, kowe kelas pira?*  
Hamam : *Ngompol.*  
Peneliti : *Sapa sing ngompol?*  
Hamam : *Adhiku, Iki apa om?*  
Peneliti : *Minyak wangi.*  
Hamam : *Minyak wangi? Nangkane enak om.*

Peneliti : *Enak, dimaem.*

## TRANSKRIP REKAMAN 13

**Hari /Tanggal : Senin, 14 November 2011**

**Waktu : 15.00WIB**

**Lokasi : Ruang tamu**

Hamam : *Wuahaaha, om Nanang gundhul. Om!*  
Peneliti : *Apa?*  
Hamam : *Kancamu jenenge sapa?*  
Peneliti : *Kanca sing endi?*  
Hamam : *Sing ning sekolahan*  
Peneliti : *Sekolahan. Jenenge akeh.? Faturrohman.*  
Hamam : *Terus.*  
Peneliti : *Mustofa Amri*  
Hamam : *Terus*  
Peneliti : *Didik*  
Hamam : *Terus*  
Peneliti : *Kwui sik wae. Akeh aku ra apal. Kancamu ning sekolahan sapa?*  
Hamam : *Topik karo Dimas. Terus sapa ya, Epik cah wedok.*  
Peneliti : *Ha? Epik cah wedok?*  
Hamam : *Epik sok tak jak crita. Terus Rio, Zaki.*  
Peneliti : *Zaki omahe ngendi?*  
Hamam : *Omahe PKU. Ngendi ya? Manten anek. Vio, wis kuwi thok.*  
Peneliti : *Sithik men kancamu.*  
Tofa : *Terus ning sekolahan ana apa?*  
Hamam : *Ana dolanan anak.*  
Tofa : *Apa jenenge?*  
Hamam : *Jenenge apa ya, omah omahan. Terus ana ronce.*  
Peneliti : *Apa kuwi ronce?*  
Hamam : *Ronce ki nggo gelang apa gawe kalung ngana lho.*  
Peneliti : *Disambung sambung?*  
Hamam : *Ha'a disambung-sambung gawe kaya O apa kaya C apa kaya D apa kaya bintang. Iki apa om?*  
Peneliti : *Nangka kuwi mas.*  
Hamam : *Nangka. Tuku ngendi?*  
Peneliti : *Pasar Pakem.*  
Hamam : *Kowe kelas pira om?*  
Peneliti : *Kelas telulas aku, kowe kelas pira?*  
Hamam : *Ngompol.*  
Peneliti : *Sapa sing ngompol?*  
Hamam : *Adhiku, Iki apa om?*  
Peneliti : *Minyak wangi.*  
Hamam : *Minyak wangi? Nangkane enak om*

## TRANSKRIP REKAMAN 15

**Hari /tanggal** : Selasa, 14 November 2011

**Waktu** : 17.00WIB

**Lokasi** : Jalan

Hamam : *Kowe turu kene om?*  
Peneliti : *Ora. Kowe turu nggon mbah kidul Papringan?*  
Hamam : *Emoh.*  
Peneliti : *Lha kok emoh.*  
Hamam : *Turu kene.*  
Peneliti : *Turu ngendi kowe?*  
Hamam : *Turu kene, Turu ngisor.*  
Peneliti : *Pit-pitan yo.*  
Hamam : *Pit-pitan ning ngendi?*  
Peneliti : *Muter-muter.*  
Hamam : *Muter-muter.*  
Peneliti : *Fa, ayo Fa kowe ngarep.*  
Tofa : *Ya*  
Hamam : *Aku tengah om.*  
Peneliti : *Pite tak papanke dhisik Fa,*  
Hamam : *Iki lho om gedhang ambon.*  
Peneliti : *Apa?*  
Hamam : *Gedhang ambon. Rel nggon kreteke lagi didhandani om nggon kana kae, sepure ora liwat.*  
Peneliti : *Oooo, alon-alon wae Fa.*

## TRANSKRIP REKAMAN 16

**Hari /tanggal : Selasa, 14 November 2011**

**Waktu : 17.00WIB**

**Lokasi : Dapur**

Hamas : *Om jupuke gula om, gawekke wedang teh.*

Peneliti : *Ya, nyoh tambahi wedang adhem.*

Hamas : *Pait.*

Peneliti : *Pait? Tambahi gula kene.*

## TRANSKRIP REKAMAN 17

**Hari /Tanggal : Kamis, 15 November 2011**

**Waktu : 16.00WIB**

**Lokasi : Teras**

- Peneliti : *Trile ning ngendi trile?*  
Hamam : *Ning kali kana lho.*  
Peneliti : *Ning kali ho'oh?*  
Hamam : *Kali kana. Akeh sing tiba.*  
Peneliti : *Njamping nek ana sing tiba.*  
Hamam : *Enek.*  
Peneliti : *Nek ra njamping pie ta?*  
Hamam : *Njegur ning kalenan.*  
Peneliti : *Njegur ning kalenan? Wong pira?*  
Hamam : *Kan loro.*  
Peneliti : *Piye?*  
Hamam : *Enek sawah-sawah. Gedhe banget ta, kan nganu, tril ngepot langsung digasak, bar ngana langsung tiba. Apa kuwi kenene njarem.*
- Peneliti : *Metu getihe ora?*  
Hamam : *Kenene metu getihe. Terus ditambah. Ana polisine. Ana mobil ta ning kene. A TV ning kana.*
- Peneliti : *Apa? A TV apa TA TV?*  
Hamam : *A TV ki sing nggo ngedrak-ngedrak kae lho.*  
Peneliti : *Ho'oh apa?*  
Hamam : *Enek bengkel ning kana. Enek sing kenene bocor, kenene bocor. Bocor sakmene.*
- Peneliti : *Gulune?*  
Hamam : *Gulune sakmene iki.*  
Peneliti : *Nggon sikil?*  
Hamam : *Nggon kene iki.*  
Peneliti : *Sikile karo dhadhane?*  
Hamam : *Ho'o sikile karo dhadhane, kene ceklek. Arep tangi ora bisa.*  
Peneliti : *Pothol?*  
Hamam : *Ana sing cah cilik-cah cilik ngetril.*  
Peneliti : *Cah cilik ngetril?*  
Hamam : *Ana sing abang. Kan nganu kali, umpamane, ana polisi ning kana. Ngggoong... bablas rana lak dicekel polisi lakan. Ngetril ta malah ndruun ngunu. Kana medeni lho.*
- Peneliti : *Ning ngendi?*  
Hamam : *Ning kana ana bayane lho.*  
Peneliti : *Ho'oh apa? apa kowe wis tau weruh?*



Hamas : *Ning kana.*  
 Peneliti : *Jare sapa?*  
 Hamas : *Ana kali gedhe banget lho.*  
 Peneliti : *Sepira bayane?*  
 Hamas : *Sak mene. Gedhe, sak omah iki. Enek uwong njegur, nganu, apa ya, nganu.*  
 Peneliti : *Apa? Wong mancing?*  
 Hamas : *Ho'oh wong mancing entuk baya thik. Kana iki ora enek iwake. Kae lak njegur ning kana. Kana iki wis asat banget.*  
 Peneliti : *Ana iwake ra?*  
 Hamas : *Ora enek. Saiki, ana tril ta, kan enek lapis-lapis ana kayu kayu. Ngebut ta, saka kana pethukan. Ana wong tiba ta, kan srempetan udu tril. Tril ganti-gentian ta, disasak kancane. Cah cilik isa nyasak lho.*  
 Peneliti : *Ho'o ta?*  
 Hamas : *Banter kae.*  
 Peneliti : *Karo iki banter endi?*  
 Hamas : *Banter GPRL. Pas kae ana cah cilik, ngegas ta didhuwurke, speed kecil. Wer wer wer, disasak menangan dhewe. Juara siji. Aku mutung. Hamas meh balapan.*  
 Peneliti : *Kapan?*  
 Hamas : *Ning pak Budi. Cah cilik. Ana GP cilik. Aku tau balapan ning Solo. Ngoong.. ana cah cilik ta, jenenge padha aku, Hamas. Padha Hamase. Jenenge Yusuf.*  
 Peneliti : *Ho'oh ta?*  
 Hamas : *Aku takon. Mas kowe arep numpaki tril? Dalane endi? Rana ngunuh. Gek aku pernah nganu.*  
 Peneliti : *Pernah ngapa?*  
 Hamas : *Arep ketabrak tril.*  
 Peneliti : *Neng ngendi?*  
 Hamas : *Kana kuwi lho. Ana tril akeh banget.*  
 Peneliti : *Pira?*  
 Hamas : *Akeh banget om. Akeh polisine.*  
 Peneliti : *Sok dolan ning Gajah Mungkur ora?*  
 Hamas : *Nek nganu, enek suk enek pring selip.*  
 Peneliti : *Ngendi?*  
 Hamas : *Neng Gajah Mungkur.*  
 Peneliti : *Ho'oh apa?*  
 Hamas : *Neng Gajah Mungkur enek buaya buas lho. Enek gajah, banteng, singa. Singa ki isa nyokot daging beruang lho. Rakkk ngana. Pakdheku pernah mancing lho.*  
 Peneliti : *Ning ngendi?*  
 Hamas : *Ning kana.*

Peneliti : *Entuk iwak ora?*  
 Hamas : *Pakdheku Mbayat. Sewu guran. Tukokke pin om regane sewu. Omahmu pernah banjir om?*

Peneliti : *Ning kali sing banjir.*  
 Hamas : *Kebak?*  
 Peneliti : *Kebak.*  
 Hamas : *Kene ya kebak, pas udan deres kae.*  
 Peneliti : *Tekan kene ora?*  
 Hamas : *Ora tekan kene. Paling mung mbludak kok. Mengko arep bal-balan thik.*

Peneliti : *Kapan?*  
 Hamas : *Ning kana kuwi.*  
 Peneliti : *Karo sapa?*  
 Hamas : *Anu, kana kuwi ana gawang ta, enek kotak-kotake ngunu kuwi, saiki dicopot. mbiyen aku bal-balane.*

Peneliti : *Pitmu endi mas?*  
 Hamas : *Arep tak ceperke.*  
 Peneliti : *Ceperke?*  
 Hamas : *Aku nduwe iwak.*  
 Peneliti : *Ning ngendi?*  
 Hamas : *Ning nggone pakdhe.*  
 Peneliti : *Le oleh saka endi?*  
 Hamas : *Aku mancing. Entuk nila dibakar neng kana.*  
 Peneliti : *Tuku apa mancing?*  
 Hamas : *Mancing, mosok tuku. Kana lak kali Solo. Nggonmu apa udan om?*

Peneliti : *Udan. Sok badminton ora kowe?*  
 Hamas : *Menang terus.*  
 Peneliti : *Musuhe sapa?*  
 Hamas : *Ibuku, Dimas. Aku pernah gelut.*  
 Peneliti : *Gelut? Karo sapa?*  
 Hamas : *Kaya sirkus ta. Aku nganggo ngene iki. Kowe iki kon ngajari batminton mengko lak menang terus.*

Peneliti : *Sapa? Sing ngajari sapa?*  
 Hamas : *Aku dhewe. Mobile ndrong ndrong ngana lakan.*  
 Peneliti : *Mobile sapa?*  
 Hamas : *Embuh.*  
 Peneliti : *Kowe latihane silat kapan?*  
 Hamas : *Silat nganggo klambi bathik ping loro. Olah raga, kaos olah raga, balbalan terus pramuka. Ngene iki ciaaat ciaaat ngono. Neng TV mau lho om. Kuwi apa silat?*

Peneliti : *Silat. Silatmu sok dina apa?*  
 Hamas : *Setu. Kowe silat ora?*

Peneliti : Karate *aku*.  
Hamam : *Hahaha.. Karate? kowe nduwe klambine?*  
Peneliti : *Duwe. Duwe sragame kowe?*

## TRANSKRIP REKAMAN 18

**Hari /Tanggal : Rabu, 15 November 2011**

**Waktu : 16.00 WIB**

**Lokasi : Teras**

- Hamam : *Eh ana, anu, apa kuwi, ana baya gedhene sak omah. Huaab. hahaha.*
- Peneliti : *Huabb.*
- Hamam : *Neng kana.*
- Peneliti : *Le mangkat numpak apa kowe?*
- Hamam : *Numpak montor.*
- Peneliti : *Karo sapa.*
- Hamam : *Karo sedulurku sing duwe montor balap. Kowe duwe montor ora kowe?*
- Peneliti : *Duwe. Mbah kakung.*
- Hamam : *Mbah kakung kok. Hehehe.*
- Peneliti : *Aku ora duwe.*
- Hamam : *Uwis ya. Kana kae lak wis diwenehi, anu biyen enek gunung Merapi. Nganu ta, omahmu ana gunung Merapi ta?*
- Peneliti : *Ho'oh. kowe pas ning Magelang melu ora to le?*
- Hamam : *Magelang endi? Sing enek iwake kae?*
- Peneliti : *Ho'oh, tilik adhik.*
- Hamam : *Uwis ki. Masak ora melu aku ning Magelang.*
- Peneliti : *Tilik adhik?*
- Hamam : *Kowe wis yang-yangan ta?*
- Peneliti : *Sapa?*
- Hamam : *Kowe. He?*
- Peneliti : *Hu'um. Aku ora yang-yangan kok.*
- Hamam : *Lha ngaapa?*
- Peneliti : *Mbojo.*
- Hamam : *Aku diwenehi iwak ning kana. Ucul.*
- Peneliti : *Tok wadhahke apa?*
- Hamam : *Diwadhahi apa kuwi, plastik, diwadhahi nganu, kotakan ngana.*
- Peneliti : *Ora tok dokoke plastik apa ember ngana.*
- Hamam : *Njegur aku, njegur nek udan. Omahku apik ta omahku?*
- Peneliti : *Apik je omahmu. Wis ngerti omahku durung? Elek omahku.*
- Hamam : *Magelang tow?*
- Peneliti : *Ho'oh.*
- Hamam : *Uwis. Ana ayam tarung.*
- Peneliti : *Ayam apa?*
- Hamam : *Tarung.*
- Peneliti : *Ngendi?*

Hamas : *Kana.*  
 Peneliti : *Iki wit jatine sapa le?*  
 Hamas : *He?*  
 Peneliti : *Iki. Wit jatine sapa?*  
 Hamas : *Endi? Iki ta?*  
 Peneliti : *Iki. Sing nandur sapa?*  
 Hamas : *Embuh.*  
 Peneliti : *Ora ngerti?*  
 Hamas : *Mbah kakung.*  
 Peneliti : *Kowe bisa basa ora?*  
 Hamas : *Bisa now.*  
 Peneliti : *Nek ngomong karo mbah kakung basa ora?*  
 Hamas : *Basa.*  
 Peneliti : *Piye? Le basa piye?*  
 Hamas : *Kowe nekoki ta?*  
 Peneliti : *Hu'um.*  
 Hamas : *Piye mbah?*  
 Peneliti : *Piye mbah ngunuh?*  
 Hamas : *Enek sing dandani jembatan ning kana.*  
 Peneliti : *Ngendi?*  
 Hamas : *Kae ning kana? Terus enek truk trontron gedhe selip. Kowe pernah nonton jembatan? Ana truk trontron selip.*  
 Peneliti : *Pernah.*  
 Hamas : *Gedhe lho. Bane telu papat lima lho, akeh! Bojomu loro ta?*  
 Peneliti : *Jare sapa? Bojoku siji kok.*  
 Hamas : *Gonta-ganti bojo wae. Lha sik kae ganti. Saiki jenenge sapa?*  
 Peneliti : *Pipit.*  
 Hamas : *Kok beda.*  
 Peneliti : *Beda karo sing endi?*  
 Hamas : *Sing kuwi. Biyen nganu, keneki ana sing nganu.*  
 Peneliti : *Piye?*  
 Hamas : *Omah kene iki lho, lak ana sedhan biyen. Pas durung dibangun, isih elek, kanane gendhenge wis diubah kabeh. Kana berubah, teles kanane. Ana darahe, setane hantu. Dhemit maling sik. Ning kene nyolong apa iki. Ati-ati lho om, nek enek maling pitmu aja mbok dokokne endi-endi, mbok dokok malem-malem neng kene. Enek maling gawa batu karang didelehke kene.*  
 Peneliti : *Gawa apa?*  
 Hamas : *Gawa batu karang ta,*  
 Peneliti : *Hu'um*  
 Hamas : *Terus sandhale dicopot, untul untul untul, raine putih-putih. Ngendi hara?*  
 Peneliti : *Ngendi? Kana?*

Hamas : *Udu. Kana, adoh. Nganu enek kana.*  
 Peneliti : *Ndayangan?*  
 Hamas : *Nganu, kowe ngerti gedhung.*  
 Peneliti : *Hu'um ta.*  
 Hamas : *Tril enek gedhung. Ora wani ngetril. Le cilik, cilik banget. Ora wani ngetril.*  
 Peneliti : *Ora ditrilke ngene? Ora isa nyolot?*  
 Hamas : *Ora isa nyolot. Ngong ngong ngong, gur mandheg mesine. Gek wis dadi terus njamping ning kana, uweeeng. Neng gedhung lak enek setan.*  
 Peneliti : *Hu'um po?*  
 Hamas : *Ho'oh. ning gedhung omah setan.*  
 Peneliti : *Gedhung ngendi? Sing kana kae cedhak SD?*  
 Hamas : *Kana kae.*  
 Peneliti : *Wis tau rana durung?*  
 Hamas : *Uwis, bengi-bengi.*  
 Peneliti : *Karo sapa?*  
 Hamas : *Dhewe. Aku nemu setan ngene iki.*  
 Peneliti : *Melet-melet?*  
 Hamas : *Hu'um, melet-melet. Aku nggawa senter. Maling ning gedhung, maling wani karo setan.*  
 Peneliti : *He'em apa?*  
 Hamas : *Iki truk, pernah ning gedhung. Kuncine om nanang kok ning kene.*  
 Peneliti : *Ya ora apa-apa, tak kanthongi nek no. Aku arep bali.*  
 Hamas : *Arep bali saiki? Kapan-kapan rene meneh ya om.*

## TRANSKRIP REKAMAN 19

**Hari /tanggal** : Kamis, 16 November 2011

**Waktu** : 14.30WIB

**Lokasi** : Teras

- Hamam : *Sesuk Setu dolan rene.*  
Tofa : *Mosok ninja standar karo fisR pretelan, menang FisR e.*  
Hamam : *Ho'oh no.*  
Peneliti : *Ngapa mas? Suk Setu ngapa?*  
Hamam : *Suk Setu mulih. Nganggo olah raga ya mulih. Nganggo apa kuwi, merah putih ora mulih. Ning kene ngana kuwi. Kowe sekolah kene wae.*  
Peneliti : *Sapa?*  
Hamam : *Kowe sekolah kene wae. Mengko bali meneh, bali meneh ngana. Piye?*  
Peneliti : *Emoh.*  
Hamam : *Madhang ning kene.*  
Peneliti : *Emoh.*  
Tofa : *Kancamu kae lho om, pas aku nginep neng kana ana Fis R ana vespa nggone sapa?*  
Peneliti : *Nek vespa ijo nggonku.*  
Hamam : *Vespane ning ngendi?*  
Peneliti : *Didol.*  
Hamam : *Aku pernah ning omah elekmu.*  
Peneliti : *Omah elek ngendi.*  
Hamam : *Pas nginep kae.*  
Peneliti : *Neng kana? Kowe Melu apa?*  
Hamam : *Melu.*  
Tofa : *Gek kae wengi-wengi aku luwe. Kancane om ngombe coca-cola pas nyumet mercon.*  
Hamam : *Duer le nyumet mercon.*  
Peneliti : *Kowe ora melu lunga numpak sepur?*  
Hamam : *Ora. Penak bu gurune ora enek kabeh. Bapakku melu. Kelase A iki pas libur gedhe. Libur gedhe banget. Libur gedhe o iya arep neng surga. Aku arep bali arep nganggo pit ning kene.*  
Peneliti : *Nyangkut bal-balan ora liga Inggris?*  
Hamam : *Enek iki. Lha kuwi.*  
Peneliti : *Nganggo parabola?*  
Hamam : *Iya nganggo parabola. Ning nggonmu kae sing omah elek kae nganggo parabola ta?*  
Peneliti : *Ora. Nganggo antena.*  
Hamam : *Kae aku turu nggonmu. Kamarmu enak ki.*

Peneliti : *Ho'oh apa?*  
Hamam : *Kowe ya melu ning kana ta?*  
Peneliti : *Numpak sedhan kae?*  
Hamam : *Ho'oh numpak sedhan.*  
Peneliti : *Kowe ora ngingu kucing?*  
Hamam : *Apa? Aja lungguh. Kuncimu ning ngendi ta om?*  
Peneliti : *Lha kuwi ning kana.*  
Hamam : *Ayo om balapan yo om.*  
Peneliti : *Ning ngendi?*  
Hamam : *Ngepit menyang kana.*  
Peneliti : *Tofa ngarep? Sesuk mangkat sekolah jam pira Mas?*  
Hamam : *Jam enem.*  
Peneliti : *Tak papakke sek. Munggah sek kowe Mas.*  
Hamam : *Uwis. Mlak-mlaku.*  
Peneliti : *Alon-alon.*



## TRANSKRIP REKAMAN 20

**Hari /Tanggal : Kamis, 15 November 2011**

**Waktu : 15.30WIB**

**Lokasi : Teras**

Hamam : *Tabrakke ta. Mrenea!*  
Peneliti : *Endi ta?*  
Hamam : *Kuwi lho.*  
Tofa : *Nggenteni bapak ta om?*  
Peneliti : *Ho'oh.*  
Peneliti : *Pindah ning ngendi?*  
Hamam : *Arep ning ngendi mbak?*  
Tofa : *Ning Jogja ning pasar kae lho ana wong ngamen kae lho. Ana angklung kae jenenge apa?*  
Peneliti : *Akeh.*  
Hamam : *Eh njupuk banyu meneh. Ning kene wae lho. Ning kana kae ngisine. Le nyuntak sithik wae.*  
Peneliti : *Mas mobi! Mobil!*

## TRANSKRIP REKAMAN 21

**Hari /tanggal** : Kamis, 15 November 2011

**Waktu** : 17.30WIB

**Lokasi** : Jalan

Peneliti : *Saka ngendi? Rene.*  
Hamam : *Wegah, lagi balapan.*  
Peneliti : *Ngendi? Nggon tiyang listrik kae ya.*  
Hamam : *Ben diabani mas Tofa.*  
Tofa : *Tet tet tet.*  
Peneliti : *Dhisik sapa?*  
Hamam : *Kowe.*  
Peneliti : *Nomer siji aku ya.*  
Hamam : *Nomer siji kowe.*  
Peneliti : *Sik saka kene, mandheg sek.*  
Tofa : *Siji loro telu.*  
Hamam : *Kok nggawa HP.*  
Peneliti : *Iki ben marakke menangan.*  
Hamam : *Alah. Dikanthongi no.*  
Peneliti : *Yaw tak kanthongane.*  
Hamam : *Masak balapan nganggo HP.*  
Peneliti : *Ya ora apa-apa balapan nganggo HP.*  
Hamam : *Kana siapke. Hoe siapke.*  
Tofa : *Rasah.*  
Hamam : *One two three four, tiga dua satu.*  
Peneliti : *Aya ngebut. Diangkatke.*  
Hamam : *Balapan.*  
Peneliti : *Sing marahi sapa kowe.*  
Hamam : *Apa isa ngene kowe.*  
Peneliti : *Sing marahi sapa?*  
Hamam : *Mas Asep. Suwe ta?*  
Peneliti : *Suwe, wah suwe tenan. Ayo rana sek ya. Pemanasan. Tiba kapok. Sepedha sante wae. Kesel le ngedrak.*  
Hamam : *Finis.*  
Peneliti : *Finis, kurang adoh. Plorotan Mas?*  
Hamam : *Iya plorotan.*  
Peneliti : *Sek mlebu sek. Ibumu nek kerja ning kene iki ya? Gur cedhak.*  
Hamam : *Balapan yo.*  
Peneliti : *Ayo. Sok ana sing berobat ora? Rene sek.*  
Hamam : *Isa murub ta?*  
Peneliti : *Pancen isa.*

Hamas : *Sek ya. Tiga dua satu.*  
Peneliti : *Kosek. Saiki ya.*  
Tofa : *Satu dua tiga.*  
Peneliti : *Rene. Bali. Wis sore adus.*

## TRANSKRIP REKAMAN 23

**Hari /Tanggal** : Jum'at, 16 November 2011

**Waktu** : 17.30WIB

**Lokasi** : Kamar

- Hamam : *Aku aduse karo sapa bu?*  
Emi : *Karo mas Tofa*  
Hamam : *Lha om Apr?*  
Emi : *Lagi ngeterke plat mobil.*  
Hamam : *Plat mobil? Aku emoh adus karo mas Tofa. Mengko nek mas Tofa nesu.*  
Emi : *Mulane nek mulih ki gek mulih.*  
Hamam : *Om aku titip klambi gaul, sing tulisane punk.*  
Emi : *Punk ki apa apik, punk ki jelek kok.*  
Peneliti : *Le nglumpukke rosokan wis akeh durung?*  
Emi : *Apa tok weruhi om Nanang? Tok weruhi nek kowe nglumpukke rosokan?*  
Hamam : *Karo kathok, karo klambi, gek anu kathok pensil akeh. Klambine telu ya om.*  
Peneliti : *Ya*  
Emi : *Lha endi dhuwite?*  
Hamam : *Tak celengi sik, lagi pesen.*

## TRANSKRIP REKAMAN 22

**Hari /tanggal** : Jum'at, 16 November 2011

**Pukul** : 15.30WIB

**Lokasi** : Jalan

Peneliti : *Lha adhike dhewean.*  
Hamam : *He! mreneo dhisik.*  
Peneliti : *Awas! Awas! Awas!*  
Hamam : *Mengko dhisik.*  
Peneliti : *Awas! Awas!*  
Hamam : *Lha ngendi jane.*  
Peneliti : *Mlebu. mreneo deloken aku. Awas! Awas!*  
Hamam : *Tak ajar sepeda. Minggir! Minggir! Awas! Awas!. Aku arep njamping.*  
Hamam : *Om nanang, om, deloken om, dren., dren.*  
Peneliti : *Ya, gaul tenan le.*  
Hamam : *Mbak, anu kon mbalekke Farid.*  
Iyas : *Endi? ow lha kae! Ayo!*  
Hamam : *Om foto om, ning pinggir pit aku.*  
Peneliti : *Action mas.*  
Hamam : *Delok om.*  
Peneliti : *Apik ta?*  
Hamam : *Iki arep mantuk apa kowe?*  
Peneliti : *Mengko bar magrib.*  
Hamam : *Magrib banget?*  
Peneliti : *Mengko bar shalat magrib terus mantuk.*

## TRANSKRIP REKAMAN 24

**Hari /tanggal** : Selasa, 20 November 2011

**Waktu** : 15.30WIB

**Lokasi** : Ruang Tamu

Peneliti : *Saka ngendi kowe mau?*  
Hamam : *Kana. Kowe nggawa laptop ora om?*  
Peneliti : *Ora, samarku nek udan.*  
Hamam : *Halah.*  
Peneliti : *Kene salim sek.*  
Peneliti : *Ngapa mas?*  
Hamam : *Pite kon ndhandani tofa.*  
Peneliti : *Mas! Kowe ra sida piknik kowe?*  
Hamam : *Wis wingi, dhek Senin.*  
Peneliti : *Ning ngendi?*  
Hamam : *Ning kana, ning ngendi mas?*  
Tofa : *Jogja*  
Hamam : *Oow...Jogja.*  
Peneliti : *Numpak apa?*  
Hamam : *Mobil, terus sepur.*  
Peneliti : *Saka kene jam pira?*  
Hamam : *Jam pira mas? Jam enem*  
Peneliti : *Sapa wae sing melu?*  
Hamam : *Kancaku Hafid, Bagas karo aku thok. Kancaku kabeh ora melu.*  
Peneliti : *Ning ngendi wae?*  
Hamam : *Numpak sepure suwe banget. Sing medeni enek kali, gek ning ngisore dalan sepur ngana kuwi.*  
Peneliti : *Dalan sepur ki apa jenenge?*  
Hamam : *Rel.*  
Peneliti : *Nek sing nyopir sepur apa jenenge?*  
Hamam : *Nyopir sepur masinis.*  
Peneliti : *Gene ngerti.*  
Tofa : *Ngerti, wong diapalke kok.*  
Peneliti : *Nek mandhekke sepur ning ngendi?*  
Hamam : *Ning anu, apa? stasiun. Nek nggandheng sepur piye?*  
Peneliti : *Piye?*  
Hamam : *Ana wesine ngunu to, mengko digandheng terus. Ngueng! Dier! ngana.*  
Peneliti : *Numpake sepur saka ngendi?*  
Hamam : *Ya stasiun.*  
Peneliti : *Saka kene ngebis?*

Hamas : *Ora numpak mobil. Aku saka kana bisa menggok miring thik. Ngueng..*  
 Peneliti : *Ana tempat wisata to?*  
 Hamas : *Anu ning taman pintar.*  
 Ibnu : *Pitku endi Fa?*  
 Tofa : *Kuwi.*  
 Hamas : *Wis duwe pit njilih Tofa ki.*  
 Tofa : *Mas! Arep ndelok wong mancing ta?*  
 Ibnu : *Ora mung pit- pitan.*  
 Hamas : *Anu ning kali gedhe, ana bayane.*  
 Peneliti : *Reme kepiye?*  
 Hamas : *Reme ora cakram banget.*  
 Peneliti : *Pitmu sok tok kumbah ora?*  
 Hamas : *Kumbah nganggo selang.*  
 Tofa : *Ngapa dhik?Kowe ning taman pintar enek apa wae?*  
 Hamas : *Enek tk*  
 Peneliti : *Tuku oleh-oleh apa? Jajan apa?*  
 Hamas : *Es krim, salak karo bakpia.*  
 Peneliti : *Om Apri ning ngendi?*  
 Hamas : *Turu, bendino ning kana, nganggo kamar kae. Om , aku wani gelut.*  
 Peneliti : *Karo sapa?*  
 Hamas : *Kancaku, menangan aku.*  
 Peneliti : *Ora duwe kanca no kowe.*  
 Hamas : *Sing ngejak gelut kancaku, asem kok.*  
 Peneliti : *Ning ngendi?*  
 Hamas : *Kabeh tak lawan, kabeh padha nakal. Ora nangis lho.*  
 Peneliti : *Tok kapakke?*  
 Hamas : *Kancaku jenenge Hafid, ngejak padu ta. Tak tendhang jedhet ngana ora nangis.*

## TRANSKRIP REKAMAN 25

**Hari /Tanggal : Rabu, 20 November 2011**

**Waktu : 15.30WIB**

**Lokasi : Ruang Tamu**

Hamam : *Ayo menyang njaba yo om. Om, kancaku jenenge Hafid wis wedi karo aku. Ora wedi, ora nakali aku.*

Peneliti : *Gabresmu kuwi lho.*

Hamam : *Gabres ki apa?*

Peneliti : *Iki lho gabres ning pipi.*

Hamam : *Tak ngebut saka kene ya?.*

Peneliti : *Ati-ati nek tiba lho.*

Hamam : *Kene dalane lunyu banget!, ngepot!*

Tofa : *Ayo pit-pitan yo.*

Hamam : *Wegah.*

Tofa : *Udan-udan.*

Peneliti : *Tase dientasi*

Hamam : *Kuwi tase masTtofa karo mbak Iyas*



## TRANSKRIP REKAMAN 26

**Hari/Tanggal** : Rabu, 20 November 2011

**Waktu** : 16.00WIB

**Lokasi** : Garasi

- Hamam : Om, padha kaya Petrus lho kuwi, pit motore. Mengko kecekel polisi.
- Peneliti : Lha ngapa?
- Hamam : Kecekel polisi.
- Tofa : Padhakna!. Ora. Ngene penak ora?
- Peneliti : Kowe nek bel trek ngurusi ya?
- Tofa : Iya now.
- Hamam : Lha nganu kok, apa kuwi, mbleketrek kok.
- Tofa : Apa iya ta?
- Peneliti : Om Andhi saiki ning ngendi? Ning kene apa ning Klaten
- Hamam : Om Andhi ning Klaten. Pas nganu nglanggar. Kae enek bis ning kantor polisi ana bis nganu wes! ngana kuwi.
- Tofa : Apa iya? Lha om Apri ning ngendi om?
- Hamam : Ora ana.
- Peneliti : Lungguh kene wae, tak pangku.
- Hamam : Dipangku.
- Tofa : Om, ora tau kumbah apa motormu?
- Peneliti : Ora.
- Hamam : Lha ngapa?
- Peneliti : Lha kudanan kok kuwi.
- Hamam : Cekel polisi lho mengko.
- Peneliti : Le ngapa?
- Hamam : Yen reget banget.
- Tofa : Apa iya? Pake kok nek reget banget ora dicekel polisi.
- Hamam : Kan jenenge mobil.
- Tofa : Lha iki ya reget banget iki sing abang.
- Hamam : Kuwi kan kaya ngana. Kaya ngana ya dicegat polisi. Eneng lagu ra om ning kene ki. Eneng mainan?
- Peneliti : Ora ana.
- Hamam : Lha ngapa?
- Peneliti : Mainan marakke bodho. Ora ning nggon mbahmu Klaten?
- Hamam : Ora. Kuwi lho pelekke gaul. Iki lho om tabrakan.
- Peneliti : Ning endi?
- Hamam : Ning Klatak.
- Peneliti : Klatak?
- Hamam : Ho'oh.
- Peneliti : Sing digawa mas Tofa kae apa?

Hamas : *Dompét.*  
Peneliti : *Mau gelut karo sapa?*

## TRANSKRIP REKAMAN 27

**Hari/Tanggal** : Jum'at, 25 November 2011

**Waktu** : 15.00WIB

**Lokasi** : Halaman

- Peneliti : *Mbenakke gendheng le. Pecah, gendhenge bocor. Tok kletheiki ta?*
- Hamam : *He?*
- Peneliti : *Aja, seneni!*
- Hamam : *Kuwi tak copot?*
- Tofa : *Jupuk wae.*
- Peneliti : *Isa nyanyi gundhul-gundhul pacul ora kowe?*
- Hamam : *Isa.*
- Peneliti : *Jare tak ngrungokke rene.*
- Hamam : *Gundhul-gundhul pacul cul gembelengan. Wis ora isa.*
- Peneliti : *Masak ora isa.*
- Hamam : *Nyunggi-nyunggi lemah mah gembelengan. Wakul ngglimpang segane dadi saklatar. Wakul ngglimpang segane dadi saklatar.*
- Peneliti : *Nek bebek adus kali bisa ora?*
- Hamam : *Bebek adus kali. Nututi sate lonthong. Bapak main ping pong. Kesemes wudele bodong.*
- Peneliti : *Sing marai sapa? Ora bebek adus kali?*
- Hamam : *Om. Bebek adus genthong nututi sate lonthong. Bapak main ping pong. Kejeblos wudhele bolong.*
- Peneliti : *Apa meneh nyanyimu?*
- Hamam : *Ya kuwi, le marahi ning sekolahan.*
- Peneliti : *Masak. Sing marahi gurune apa kancane?*
- Hamam : *Gurune.*
- Peneliti : *Masak?*
- Hamam : *Kancane ding.*
- Peneliti : *Sing marahi gurune piye?*
- Hamam : *Bebek adus genthong nututi sate lonthong. Bapak main ping pong. Kejeblos wudele bodong. Lho om aku duwe trek om.*
- Peneliti : *Endi.*
- Hamam : *Kuwi.*
- Peneliti : *Nggo ngangkut apa?*
- Hamam : *Ngangkut watu kuwi kana. Nggasut ta om?*
- Peneliti : *Ora kok taleni ngarepe.*
- Hamam : *Nggasut ta om.*
- Peneliti : *Ya ora ning kana.*
- Hamam : *Ya ben ta.*
- Peneliti : *Ning kana wae, songkro.*

Hamas : *Endi songkro?*  
Peneliti : *Kae songkro.*  
 Hamas : *Endi?*  
Peneliti : *Kae.nggo nganggut berat. Lha jenenge apa ta?*  
 Hamas : *Nong nong ji nong ro.*  
 Hamas : *Nong ji nong ro, nong ji nong ro*  
Peneliti : *Ngapa mas?*  
 Hamas : *Lara iki tanganku.*  
Peneliti : *Ngapa iki kempolmu?*  
 Hamas : *Kempolku orek-orek, tato.*  
Peneliti : *Nganggo apa?*  
 Hamas : *Pulpen.*  
Peneliti : *Iki wit apa nek ngerti?*  
 Hamas : *Wit gedhang, mosok om Nanang ra ngerti apa-apa.*  
Peneliti : *Nganggo tali lho terus digeret.*  
 Hamas : *Ngeeng ngeng ngeengggg, trontone ngangkut watu.*

## TRANSKRIP REKAMAN 27

**Hari/Tanggal** : Jum'at, 25 November 2011

**Waktu** : 15.00WIB

**Lokasi** : Halaman

- Peneliti : *Mbenakke gendheng le. Pecah, gendhenge bocor. Tok kletheiki ta?*
- Hamas : *He?*
- Peneliti : *Aja, seneni!*
- Hamas : *Kuwi tak copot?*
- Tofa : *Jupuk wae.*
- Peneliti : *Isa nyanyi gundhul-gundhul pacul ora kowe?*
- Hamas : *Isa.*
- Peneliti : *Jare tak ngrungokke rene.*
- Hamas : *Gundhul-gundhul pacul cul gembelengan. Wis ora isa.*
- Peneliti : *Masak ora isa.*
- Hamas : *Nyunggi-nyunggi lemah mah gembelengan. Wakul ngglimpang segane dadi saklatar. Wakul ngglimpang segane dadi saklatar.*
- Peneliti : *Nek bebek adus kali bisa ora?*
- Hamas : *Bebek adus kali. Nututi sate lonthong. Bapak main ping pong. Kesemes wudele bodong.*
- Peneliti : *Sing marai sapa? Ora bebek adus kali?*
- Hamas : *Om. Bebek adus genthong nututi sate lonthong. Bapak main ping pong. Kejeblos wudhele bolong.*
- Peneliti : *Apa meneh nyanyimu?*
- Hamas : *Ya kuwi, le marahi ning sekolahan.*
- Peneliti : *Masak. Sing marahi gurune apa kancane?*
- Hamas : *Gurune.*
- Peneliti : *Masak?*
- Hamas : *Kancane ding.*
- Peneliti : *Sing marahi gurune piye?*
- Hamas : *Bebek adus genthong nututi sate lonthong. Bapak main ping pong. Kejeblos wudele bodong. Lho om aku duwe trek om.*
- Peneliti : *Endi.*
- Hamas : *Kuwi.*
- Peneliti : *Nggo ngangkut apa?*
- Hamas : *Ngangkut watu kuwi kana. Nggasut ta om?*
- Peneliti : *Ora kok taleni ngarepe.*
- Hamas : *Nggasut ta om.*
- Peneliti : *Ya ora ning kana.*
- Hamas : *Ya ben ta.*
- Peneliti : *Ning kana wae, songkro.*

Hamam : *Endi songkro?*  
Peneliti : *Kae songkro.*  
Hamam : *Endi?*  
Peneliti : *Kae.nggo nganggut berat. Lha jenenge apa ta?*  
Hamam : *Nong nong ji nong ro.*  
Hamam : *Nong ji nong ro, nong ji nong ro*  
Peneliti : *Ngapa mas?*  
Hamam : *Lara iki tanganku.*  
Peneliti : *Ngapa iki kempolmu?*  
Hamam : *Kempolku orek-orek, tato.*  
Peneliti : *Nganggo apa?*  
Hamam : *Pulpen.*  
Peneliti : *Iki wit apa nek ngerti?*  
Hamam : *Wit gedhang, mosok om Nanang ra ngerti apa-apa.*  
Peneliti : *Nganggo tali lho terus digeret.*  
Hamam : *Ngeeng ngeng ngeengggg, trontone ngangkut watu.*

## TRANSKRIP REKAMAN 28

**Hari/Tanggal** : Sabtu, 26 November 2011

**Pukul** : 16.30WIB

**Lokasi** : Halaman

Hamam : *Iki jenenge apa?*  
Peneliti : *Watu*  
Hamam : *Watu?Dudu.*  
Peneliti : *Lha apa?*  
Hamam : *Aku bisa nyekleke bata*  
Peneliti : *Tenane kok kapakke?*  
Hamam : *Dingenekke! Nganggo ngene.*  
Peneliti : *Batane pira?*  
Hamam : *Gedhe, kotak ngana kae.*  
Peneliti : *Njajal.*  
Hamam : *Aku bisa mecahne gendheng.*  
Peneliti : *Carane piye?*  
Hamam : *Carane ya ngene, nganggo lading diwenehi tali ngunuh, tangane diweni gombal. Tar tar tar.. bisa ta om?*  
Peneliti : *Aku ya bisa. Aku mlayu sepuluh kilometer wis tau.*  
Hamam : *Aku mlayu tekan kana kae.*  
Peneliti : *Mlayu?*  
Hamam : *Aku anu arep ngumpulke rosok. Aku wis duwe dhuwit le ngumpulke rosok aku.*  
Peneliti : *Rosok? Endi?*  
Hamam : *Ning kana kae.*  
Peneliti : *Kok dol? Bakule rosok mreng apa?*  
Hamam : *Didol ning kana.*  
Peneliti : *Wis duwe dhuwit pira?*  
Hamam : *Ha?*  
Peneliti : *Nek duwe dhuwit arep ditukokke apa?*  
Hamam : *Tak gawa ning alun-alun, tak nggo tuku motor GP.*  
Peneliti : *Motor GP.*  
Hamam : *Le ngrungokke suara Ndroon! Ndroon!*  
Peneliti : *Motor GP sing cilik apa gedhe kaya nggon TV balapan kae?*  
Hamam : *Sing cilik. Eh, trill cilik ding.*  
Peneliti : *Trill cilik?*  
Hamam : *Tuku trill cilik nganu, kowe isa dolanan trill-trillan.*  
Peneliti : *Regane pira? Ana wong adol apa kene?*  
Hamam : *Ana wong adol, ning gedhe tenan. Tak nggo nganu, tuku akeh-akeh.*  
Peneliti : *Nyelengi dhuwit pira?*

Hamas : *Le nyelengi rong puluh.*  
 Peneliti : *Rong puluh ewu? Tuku celengan apa ning endi?*  
 Hamas : *Kado.*  
 Peneliti : *Kok wadhahke wadhah kado?*  
 Hamas : *Nganu celengane le ngado, diwenehi kanca.*  
 Peneliti : *Arep kok gawa nendi? Gawe apa?*  
 Hamas : *Kowe tumpakane mobil. Mobil balap! Balap!*  
 Peneliti : *Senengmen balapan ta kowe?*  
 Hamas : *Seneng now.*  
 Peneliti : *Le balapan ning ngendi?*  
 Hamas : *Seneng balap, seneng trill, seneng dadi kepala sekolah, seneng dadi guru, seneng dadi tentara, seneng dadi bengkel.*  
 Peneliti : *Sapa?*  
 Hamas : *Aku kuwi seneng dadi guru, seneng dadi presiden, seneng dadi komandan, seneng dadi tukang bengkel mobil, tukang balapan mobil, terus silat ya seneng, terus kabeh. Ora seneng kowe om?*  
 Peneliti : *Seneng aku no.*  
 Hamas : *Senenge ki trill, kabeh.*



## TRANSKRIP REKAMAN 29

**Hari /tanggal** : Minggu , 27 November 2011

**Waktu** : 17.00WIB

**Lokasi** : Halaman

Hamam : Kemana kemana kemana.  
Peneliti : *Apa kuwi?*  
Hamam : *Ayu ting ting.*  
Peneliti : *Apa? Saiki jamane Ayu ting ting.*  
Hamam : *Senengane aku nong ji nong ro. Gawa laptope ya om.*  
Peneliti : *Wegah.*  
Hamam : *Iki apa om?*  
Peneliti : *Apa njajal?*  
Hamam : *Kepompong.*  
Peneliti : *Dudu. Bekicot.*  
Hamam : *Bekicot.*  
Peneliti : *Kepompong iki ora ngana kuwi. Trekke iki gawa rana.*  
Hamam : *Ora. Om Apri voli apa?*  
Apri : *Ora. Katoke bolong.*  
Hamam : *Bolong. Hahaha.*  
Peneliti : *Mbok fitness. Melu om Apri ora kowe? Ning kene wae karo aku.*

## TRANSKRIP REKAMAN 30

**Hari/Tanggal** : Minggu , 27 November 2011

**Waktu** : 17.00WIB

**Lokasi** : Halaman

Peneliti : *Endi om Apri. Kosek, mungghaha ngarep apa mburi?*  
Hamam : *Ngarep wae. Eh mburi wae.*  
Peneliti : *Ngendi ta?*  
Hamam : *Kana kae.*  
Peneliti : *Kulon? Gawa HP ora?*  
Hamam : *Kana kae.*  
Peneliti : *Ora tau dolan ning kali?*  
Hamam : *Ning kali eneng baya.*  
Peneliti : *Kowe ngerti engkol ora?*  
Hamam : *Engkol ngerti.*  
Peneliti : *Mau ning ngendi?*  
Hamam : *Menggok rene ketoke.*  
Peneliti : *Kok ora ketemu.*  
Hamam : *Kulon kana.*  
Peneliti : *Kulon ngendi? Rana.*  
Hamam : *Aduh.*  
Peneliti : *Gocekana.*  
Hamam : *Kae lho.*  
Peneliti : *Rada mundur sithik mas. Engkol ki ngendi?*  
Hamam : *Kana kae lho.*  
Peneliti : *Ngerti ora sing muni kuwi.*  
Hamam : *Kodok.*  
Peneliti : *Dudu, uwong ngulek.*  
Hamam : *Nyang mrana meneh. Rana.*  
Peneliti : *Kowe ngarep wae.*  
Hamam : *Iki pira iki?*  
Peneliti : *Papat.*  
Hamam : *Siji loro telu papat lima ki. Isih mrana sithik.*  
Peneliti : *Rana?*  
Hamam : *Terus terus terus. Menggok. Cedhak dalan. Tok bel wae sik.*  
Peneliti : *Ra gawa HP kok.*  
Hamam : *Kowe mau takon ta?*  
Peneliti : *HP ne ditinggal.*  
Hamam : *Ora mbok ombe mengko entek lho om.*  
Peneliti : *Ombenen.*  
Hamam : *Kae lho. Lha iki lho om. Kene iki nggasut mengko.*  
Peneliti : *Ho'ho ta*

## TRANSKRIP REKAMAN 31

**Hari/Tanggal** : **Senin , 27 November 2011**

**Waktu** : **16.30WIB**

**Lokasi** : **Jalan**

- Hamam : *Uoaaaaoo.. kana kaline medeni weh om.*  
Peneliti : *Hooh to?*  
Hamam : *Hooh, ana bocah kejegur. Nyolong apa kuwi. Nyolong apa kuwi sing ning bendungan Colo. At- ati lho om ana setan lho om. Bisa gedhe kae setane rupane. Gek ana wong tau keleton setan. Aku iki tau keleton setan.*
- Peneliti : *Rasane piye?*  
Hamam : *Ora enak rasane kaya didilat-dilati. Lewat kene wae.*  
Peneliti : *Lha iya arep lewat ngendi meneh.*  
Hamam : *Kana medeni dalane. aspale njeglong-njeglong, akeh tenan jeglongane. Gronjal-gronjal kabeh. Weh! om cepet om! selak wengi.*
- Peneliti : *Lha dalane gronjal-gronjal, iki isih awan iki.*  
Hamam : *Mengko bengi selak ana maling lho. Dalane nek ora ndang cepet mengko anu peteng lho. Suwe Tasmu, pitmu, pit motormu dicolong maling.*
- Peneliti : *Tenang wae, Malinge wedi karo aku.*  
Hamam : *Aku wani karo maling. Malinge tak penthung. Om nanang anu enek wong gelut.*
- Peneliti : *Sapa?*  
Hamam : *Mas Kiki lawan mas Adi. Menang mas Kiki. Musuhe mati dijotos wetenge jleb nganti mlebu rumah sakit. Kene lho lak dalane apik alus kene.*
- Peneliti : *Ning turu kowe karo sapa?*  
Hamam : *Dhewe. wengi-wengi ta?*  
Peneliti : *Hooh. Ngapusi*  
Hamam : *Ora ngapusi tenan kok. Aja nganti midak plat lho om.*  
Peneliti : *Lha ngapa?*  
Hamam : *Cekel polisi Om ayo menyang mrana kae ya om, lurus. Mlayu ya om, tak kandhani. Iki lho dalane rusak. Dalane mbelok-mbelok.*
- Peneliti : *Arep ning ngendi?*  
Hamam : *Dalan kana kae lho ora mblekuk. Mandheg dhisik. Hoe menyang mrana wae ya Mas, sing ana alas alase kae. Sing ana kretek, bisa ndelok ratan. mblekuk ora?*
- Tofa : *Ya mblekuk wong wayah sakmene kok. Ora bisa liwat.*  
Hamam : *Parkirke ning ndalan wae. Aku bisa mudheng. Nek kacane siji didendha polisi lho.*

## TRANSKRIP REKAMAN 32

**Hari/Tanggal** : Rabu, 29 November 2011

**Waktu** : 16.00WIB

**Lokasi** : Jalan

Hamas : *Wah remuk.*  
Peneliti : *Mas Tofa ora melu ta?*  
Hamas : *Ora.*  
Peneliti : *Petualangan iki. Kaya bolang.*  
Hamas : *Hop hop, ning kene wae. Setandarke kene wae.*  
Peneliti : *Ndelok apa? Ndelok traktor?*  
Hamas : *Ndelok traktor.*  
Peneliti : *Sik, tak parkir sik.*  
Hamas : *Kana mblekuk.*  
Peneliti : *Kene tak lebokke kene.*  
Hamas : *Kene kretek lho om. Munggah kana.*  
Peneliti : *Sik. Ana sepur lewat ora?*  
Hamas : *Ana. Ana sepur lewat om.*  
Peneliti : *Ana sepur lewat?*  
Hamas : *Diunggahke aku om.*  
Peneliti : *Ora bisa apa?*  
Hamas : *Junjung. Alon ya. Ana trek trontron. Ning cakruk kok iki.*  
Peneliti : *Cakruk.*  
Hamas : *Sepur dhawa. ning kana yo.*  
Peneliti : *Ngendi? Aja. Tiba mengko.*  
Hamas : *Ya ora thik.*  
Peneliti : *Wedi. Nek banjir piye?*  
Hamas : *Ora banjir. Aku wis tau rana thik.*  
Peneliti : *Karo sapa? Mas Tofa?*  
Hamas : *Iya.*  
Peneliti : *Aja mengko seneni mandore.*  
Hamas : *Mandor ki apa?*  
Peneliti : *Mandor ki sing mimpin, sing ngawasi kretek.*  
Hamas : *Lha kuwi ana kretek. Kana ya enek cakruk thik. Nggo ngapa ta cakruke kuwi?*  
Peneliti : *Endi ta cakruk?*  
Hamas : *Kuwi. Cakruke kuwi kanggo ngapa?*  
Peneliti : *Ya kanggo mindhah lemah. Bego kuwi jenenge.*  
Hamas : *Bego?*  
Peneliti : *Ora ana trontron lewat?*  
Hamas : *Ana. Rene om.*  
Peneliti : *Ngapa? Mblekuk kuwi kok.*

Hamas : *Ora mblekuk. Nggon suket suket kuwi lho.*  
 Peneliti : *Saka nduwur wae.*  
 Hamas : *Nggon suket suket kuwi lho ra mblekuk.*  
 Peneliti : *Ya sik. Lewat ngendi?*  
 Hamas : *Kene lho. Dituntun.*  
 Peneliti : *Ya. Tiba piye mengko?*  
 Hamas : *Iki lho dalane cakruk.*  
 Peneliti : *Saka ngendi kuwi?*  
 Hamas : *Saka ngisor kana. Kuwi yen mlaku munine kepiye?*  
 Peneliti : *Dreeekkk ngana.*  
 Hamas : *Kepiye ta yen ngana kuwi?*  
 Peneliti : *Muter kuwi sing ngisor kuwi muter.*  
 Hamas : *Yen mlaku yen rana lho.*  
 Peneliti : *Kan sirahe kuwi muter. Treeeek. Bane ora muter nanging sirahe sing nduwur kuwi sing muter.*  
 Hamas : *Menggok kepiye?*  
 Peneliti : *Menggok ya kari menggok.*  
 Hamas : *Menggok yen mlakune lho.*  
 Peneliti : *Kan eneng setire.*  
 Hamas : *Setire endi?*  
 Peneliti : *Kuwi eneng sopire.*  
 Hamas : *Lha ya sopire endi?*  
 Peneliti : *Kuwi lho sing kaya presneleng.*  
 Hamas : *Presneleng sing dawa kuwi?*  
 Peneliti : *Iya.*  
 Hamas : *Kene iki lemahe ditutup kok. Motor menyang mreng lak apik thik. Yen tronton menyang mreng sik om, menyang kana selip.*  
 Peneliti : *Ngangkut apa?*  
 Hamas : *Ngangkut kretek iki lho.*  
 Peneliti : *Ngangkut wes- wesi.*  
 Hamas : *Ho'oh. Ie ndandani kretek iki kepiye om?*  
 Peneliti : *Ya wesi-wesine kuwi disambung sambung. Disekrup!*  
 Hamas : *Lha yen wengi iki ngapa om?*  
 Peneliti : *Sapa?*  
 Hamas : *Iki cakruke.*  
 Peneliti : *Ya ming dimenengke ngene iki parkir. Mengko dinggone ning kana pekerjaan.*  
 Hamas : *Yen awan. Yen turune ning kana kuwi lho. Nggon kayu kayu. Akeh sing turu ning kretek.*  
 Peneliti : *Kok ora wedi ya? Kae ta? Kae lho ana gubuk omah-omahan ning cerak kali.*  
 Hamas : *Gubuk? Enek wong mancing. Kana kae kali gedhe lho om. Ayo om. Cakruk mlakune ngene.*

Peneliti : *Ya ora isa. Piye le arep lewat?*  
Hamam : *Minger.*  
Peneliti : *Ya muter rana sik.*  
Hamam : *Lewat dalam sepur.*  
Peneliti : *Ora isa, dalam sepur ya kanggo lewat sepur.*  
Hamam : *Yen cakruk lewat neng dalam sepur kepiye?*  
Peneliti : *Ora sedheng. Cakruke ora isa.*  
Hamam : *Ora isa ya?*  
Peneliti : *Yen metune deng! deng! ngana.*  
Hamam : *Kuwi le nggarap sapa?*  
Peneliti : *Ora ngerti aku. Lha sapa?*  
Hamam : *Pak tukang.*  
Peneliti : *Lha ya pinter kowe.*  
Hamam : *Pak Karna.*  
Peneliti : *Ndelok untumu ndelok.*  
Hamam : *Untu?*  
Peneliti : *Ho'o, kene ndelok.*

### TRANSKRIP REKAMAN 33

**Hari/Tanggal** : **Senin, 28 November 2011**

**Waktu** : **15.00WIB**

**Lokasi** : **Jalan**

Hamam : *Nggeng.. mengko turu kene om?*  
Peneliti : *Ora. Kowe turu mbah kidul papringan. Gelem ora?*  
Hamam : *Emoh.*  
Peneliti : *Lha ngapa emoh?*  
Hamam : *Ya emoh.*  
Peneliti : *Sesuk tak terke.*  
Hamam : *Aku turu kene.*  
Peneliti : *Turu ngendi kowe?*  
Hamam : *Turu ngisor.*  
Peneliti : *Pit-pitan yo.*  
Hamam : *Neng ngendi?*  
Peneliti : *Mubeng-mubeng.*  
Hamam : *Mubeng-mubeng ngendi?*  
Peneliti : *Ya gelem ora?*  
Hamam : *Gelem.*

## TRANSKRIP REKAMAN 34

**Hari/Tanggal** : Selasa, 29 November 2011

**Waktu** : 15.15WIB

**Lokasi** : Tempat Shalat

Hamam : *Kok gaul temen klambimu.*  
Peneliti : *Klambimu ya gaul le tuku ning ngendi?*  
Hamam : *Ora.*  
Peneliti : *Melu shalat ora?*  
Hamam : *Ora.*  
Peneliti : *Shalate madhep ngendi?*  
Hamam : *Madhep kana.*  
Peneliti : *Kulonne ngendi?*  
Hamam : *Nengen. Nek kiwa wetan.*



## TRANSKRIP REKAMAN 35

**Hari/Tanggal** : Rabu, 30 November 2011

**Waktu** : 17. 00WIB

**Lokasi** : Jalan

- Hamam : *Kuwi apa dalane.*  
Peneliti : *Ya iki dalan sepur.*  
Hamam : *O iki nganu ta, mungguh ta?*  
Peneliti : *Tugel, iki tugel diganti sing anyar. Sing anyar iki lho sing anyar.*  
Hamam : *Tugel? Kok munine ngene om. Lha ngapa?*  
Peneliti : *Lha seka wesi kok. Nek lebaran kowe tuku klambi ning endi?*  
Hamam : *Bada ora tuku.*  
Peneliti : *Pas bada wingi.*  
Hamam : *Kae lho om, iki dijunjung rene.*  
Peneliti : *Abot, rumangsamu.*  
Hamam : *Ha?*  
Peneliti : *Abot.*  
Hamam : *Abot. Kuwi nyang rene ta om. Wong pira?*  
Peneliti : *Wong sepuluh le njunjung.*  
Hamam : *Kene iki dalan sepur, kene dalan sepur.*  
Peneliti : *Loro apa telu berarti.*  
Hamam : *Loro.*  
Peneliti : *Ning Magelang akeh trontron-trotron gedhe kae lho ngangkut macem-macem.*  
Hamam : *Lha iki dandani wesi ta om, tancepke kene.*  
Peneliti : *Lha iya, didelehke kene ta, dhisik dhewe iki wenehi watu keki iki ndhuwure iki. Kae lho trontron.*  
Hamam : *Tron tron jurusan kae lho ngangkut. Kana dhuwur kene cendhak ki, ngeri tenan ta. Nyang rana kae ana sepur ta. Kae lho om gledhekan om, gawe ndandani om.*  
Peneliti : *Ngetes kae ora ndandani. Nggo ngetes, dalane sepur wis apik durung dites.*  
Hamam : *Kepiye ta?*  
Peneliti : *Di tes kuwi lho.*  
Hamam : *Ngetes ki kepiye?*  
Peneliti : *Dijajal.*  
Hamam : *Dijajal? Dijajal ki kepiye?*  
Peneliti : *Dicoba dilewati nganggo gledhekan.*  
Hamam : *Wit kapuk lho iki.*  
Peneliti : *Awas lho tanganmu kejepit. Rene.*  
Hamam : *Sing kanggo ndandani wis tekan kana.*  
Peneliti : *Tekan kana.*

## TRANSKRIP REKAMAN 36

**Hari/Tanggal** : Rabu, 30 November 2011

**Waktu** : 17.30WIB

**Lokasi** : Jalan

- Hamam : *Om iki ceklek*  
Peneliti : *Ha?*  
Hamam : *Iki lho ceklek.*  
Peneliti : *Ora ceklek. Iki cen sengaja diwenehi sakmene. Wesi kan nek panas dawa, nek adhem nyusut, dadi diwenehi sak mene. Jarak. Ora ceklek.*  
Hamam : *Sengaja ya om?*  
Peneliti : *Ho'oh.*  
Hamam : *Dudu sengaja. Diceneng-ceneng dalan kene iki munine jeng jeng jeng.*  
Peneliti : *Dadi ta, mengko nek panas ora bengkong.*  
Hamam : *Nek bengkong napa?*  
Peneliti : *Nek bengkong njegur.*  
Hamam : *Njegur ning kene. Njegur. Kuwi digawe gedhe ta om?*  
Peneliti : *Jenenge bego ya gedhe.*  
Hamam : *Bego. Woi.*  
Peneliti : *Awas tiba. Rana yo.*  
Hamam : *Iki lho om. Iki lho om tugelane rel.*  
Peneliti : *Lhai ya.*  
Hamam : *Mrana yo.*  
Peneliti : *Pas ning Pacitan dhisik kowe melu ora ta?*  
Hamam : *Melu. Pacitan.*  
Peneliti : *Ning ngendi wae?*  
Hamam : *Magelang.*  
Peneliti : *Pacitan kok. Ning laut.*  
Hamam : *Pante ta?*  
Peneliti : *Ning segara.*  
Hamam : *Iya ning laut segara. Bisa ngene ora om?*  
Peneliti : *Ana jambal ora kene mas?*  
Hamam : *Jambal? Ana ning kana.*  
Peneliti : *Jambal ning kota.*  
Hamam : *Kana kae akeh, rana rana kae le tuku. Rile kae didokok kene. Kene didokok, gawe lewat kene lho, kene ya bisa. Lha kuwi ngggo ngapa om?*  
Peneliti : *Sing endi ta?*  
Hamam : *Nggo ngapa?*

Peneliti : *Sing endi ta?*  
 Hamas : *Jembatan kuwi nggo ngapa?*  
 Peneliti : *Diganti anyar, arep gawe loro.*  
 Hamas : *Pas kae ning kene iki, ketoke pas kae sitoke ning kene. Saiki le nggawe kepiye ta om?*  
 Peneliti : *Ya ngana, disambung-sambung.*  
 Hamas : *Le nyambung kae kepiye?*  
 Peneliti : *Nggo sekrap.*  
 Hamas : *Sekrap kie kepiye?*  
 Peneliti : *Nganggo alat.*  
 Hamas : *Nganggo alat terus dipiyekke?*  
 Peneliti : *Disambung, dilas.*  
 Hamas : *Disambung dilas terus dipiyekke?*  
 Peneliti : *Uwis dadi, didekke.*  
 Hamas : *Ngedekke iki nganggo apa?*  
 Peneliti : *Kuwi nganggo alat.*  
 Hamas : *Nganggo alat terus ditarik rana?*  
 Peneliti : *Ho'oh. ditarik. Ngisore diwenehi kayu-kayu.*  
 Hamas : *Ngisore kana kan omah om, kana lak enek jeglongan, enek hutan ngana. Mengko nabrak no.*  
 Peneliti : *Ora.*  
 Hamas : *Kana gawe lewat apa om?*  
 Peneliti : *Ya gawe lewat sepur.*  
 Hamas : *Mudhun om.*  
 Peneliti : *Mudhun? Ya sik sik sik.*

## TRANSKRIP REKAMAN 37

**Hari/Tanggal** : Rabu, 30 November 2011

**Waktu** : 17.45WIB

**Lokasi** : Jembatan

- Peneliti : *Mudhun.*  
Hamam : *Aku ora bisa gocekan.*  
Peneliti : *Angel kana. Tiba mengko. Ngeyel kandhani.*  
Hamam : *Kana kae lho om.*  
Peneliti : *Ngendi? Mudhun? Lewat kana. Kene lewat kene. Sik tak mudhun, aku sik. Angel je.*  
Hamam : *Nganggo iki lho om.*  
Peneliti : *Apa? Balok?*  
Hamam : *Balok.*  
Peneliti : *Rene sik lewat kalen. Rene.*  
Hamam : *Lewat kalen rene. Cekeli.*  
Peneliti : *Iya tak cekeli aman. Paling tiba. Wis aman ta? Ning kene sik. Kene ki mblekuk. Jeblok.*  
Hamam : *Jeblok kene ki napa ta om?*  
Peneliti : *Digaruk dijupuk lemahe.*  
Hamam : *Ngapa lemahe ndadak digaruk om?*  
Peneliti : *Arep dipondasi.*  
Hamam : *Om om, dalane lewat kana sing cerak.*  
Peneliti : *Ho'oh.*  
Hamam : *Nyang rana lho om, terus rene.*  
Peneliti : *Sebelah endi?*  
Hamam : *Kene.*  
Peneliti : *Mblekuk kana kuwi.*  
Hamam : *Sing suket-suket kuwi lho. Sing akeh kuwi lho. Mblekuk ora?*  
Peneliti : *Mblekuk. Kene wae.*  
Hamam : *Lha kuwi kanggo ngapa sik oglangi kuwi.*  
Peneliti : *Kanggo setir ana rime ana setire.*  
Hamam : *Dum dum dum ngana ta?*  
Peneliti : *Hu'um.*  
Hamam : *Lha kuwi le ngerim ngana kepiye?*  
Peneliti : *Munggah.*  
Hamam : *Munggah ngeneki kepiye?*  
Peneliti : *Kari digeret tarik mengko munggah. Ngedhunke kari ngedhunke nyerok nyerok. Mengko dipindhah grek angkat.*  
Hamam : *Angkat ngene ta?*  
Peneliti : *Ho'oh.*  
Hamam : *Menggok no.*

## TRANSKRIP REKAMAN 38

**Hari/Tanggal** : Kamis, 21 November 2011

**Waktu** : 15.30WIB

**Lokasi** : Teras

- Hamam : *Sing dienggo kowe endi om?*  
Peneliti : *He?*  
Hamam : *Sumuk ngana ta om?*  
Peneliti : *Hu'um.*  
Hamam : *Sing dienggo cendhak dudu dawa.*  
Peneliti : *Kuwi apa kuwi?*  
Hamam : *Manuk.*  
Peneliti : *Manuk apa?*  
Hamam : *Manuk, embuh.*  
Peneliti : *Masak ora ngerti.*  
Hamam : *Om, Ora ngerti apa. Apa iki. Kuwi nggone sapa?*  
Tofa : *Nggone om Apri.*  
Peneliti : *Turu ning kamare om Apri wae yo.*  
Hamam : *Wegah ndak seseni om Apri. Aku wis ngresik-ngresiki kamar.*  
Tofa : *Sek om Aku tak pit-pitan sek. Siap- siap!*  
Hamam : *Halah, cedhak-cedhak wae.*  
Peneliti : *Panas lho. Sek sek mundur sek.*  
Hamam : *Whe sandhalku, ning kana.*  
Peneliti : *Jalan-jalan. Adhem ora le?*  
Hamam : *Adhem ning Sala ketoke. Nggesut ketokke kie. Ning kene lho nggesut.*  
Peneliti : *Ora. Duwe sawah ora kowe mas?*  
Hamam : *Ora, kobong sawahe.*  
Peneliti : *Sawah kok kobong.*  
Tofa : *Numpak apa kowe dhek pas ning taman pintar.*  
Hamam : *Numpak mlaku no! numpak bis no!*  
Tofa : *Ana apa wae?*  
Hamam : *Ana TK.*  
Peneliti : *TK sing ning pojokan kae? Seka stasiun ning taman pintar numpak apa? Mlaku?*  
Hamam : *Ngawur, nyepur. Nganu ta ning sekolahan.*  
Peneliti : *Seka stasiun ning taman pintar numpak apa? Ngancing. Cakrame ngancing je.*  
Hamam : *Wis pernah??*  
Peneliti : *Durung pernah. Kuwi apa kuwi? Ngerti ora?*  
Hamam : *Kentongan.*  
Peneliti : *Kuwi kok, buah kuwi.*

Hamam : *Endi?*  
Peneliti : *Kuwi duren.*  
Hamam : *Duren.*  
Peneliti : *Awas, kuwi wedhuse sapa?*  
Hamam : *Wedhuse Manto. Aja mbok rusuh.*

## TRANSKRIP REKAMAN 39

**Hari/Tanggal** : Kamis, 1 Desember 2011

**Waktu** : 16.00WIB

**Lokasi** : Teras

Hamam : *Dolanan bal ah. Ngapa om?*  
Peneliti : *Ibu masak?*  
Hamam : *Masak apa?*  
Peneliti : *Bayem.*  
Hamam : *O, bayem.*  
Peneliti : *Gelem dhawet kowe?*  
Hamam : *Dhawet? Gelem.*  
Peneliti : *Sok nangis ora kowe Mas?*  
Hamam : *Ora.*  
Peneliti : *Ora tau nangis? Wis gedhe kok nangis.*  
Hamam : *Mbak Iyas kae lho.*  
Peneliti : *Ngapa?*  
Hamam : *Nangis.*  
Peneliti : *Akeh endi le nangis disbandhing kowe?*  
Hamam : *Akeh mbak Iyas. Entek om. Ngelak.*  
Peneliti : *Kurang? Diguwak wae ning sampah. Netes kuwi lho.*  
Hamam : *Sing netes endi?*  
Peneliti : *Kuwi.*  
Hamam : *Seger.*  
Peneliti : *Untumu ngapa? Ndelok kene.*  
Hamam : *Bolong. Nggon kowe?*  
Peneliti : *Ora. Sok mangani permen?*  
Hamam : *Iya seneng permen.*  
Peneliti : *Mangan coklat ora?*  
Hamam : *Aku sok-sok mangan coklat.*  
Peneliti : *Dijabutke ning dokter gigi.*  
Hamam : *Piye le njabut?*  
Peneliti : *Dibus sik, lagi dijabut. Nek untune ogak ngana kae dicabut.*  
Hamam : *Lara ora?*  
Peneliti : *Ora, kan dibus. Dipati rasa.*  
Hamam : *Dipati rasa lebare enak ora?*  
Peneliti : *Enak.*

## TRANSKRIP REKAMAN 40

**Hari/Tanggal** : Kamis, 1 Desember 2011

**Waktu** : 16.30WIB

**Lokasi** : Teras

- Peneliti : *Sandhalmu kena jeblok. Sandhalmu sing abang ning ngendi? Nak ngumbah pitmu nganggo selang endi?*
- Hamas : *Ora isa. Kepengin lho.*
- Peneliti : *Belajar no! Kon mbelajari mas Tofa.*
- Hamas : *Ora bisa ta kowe.*
- Peneliti : *Nganggo apa kuwi?*
- Hamas : *Nganggo penghapus. Entuk dhuwit sewu.*
- Peneliti : *Ngapa?*
- Hamas : *Entuk nganu. Entuk dhuwit. Uwis uwis, ning Malioboro musik ta om? Aku gek Senin ning Jogja nonton angklung mbek Malioboro ketemu angklung Malioboro sing nyanyine apik. Nyanyine piye aku lali je. Seneni Mas mengko kowe kuwi lakan. Tak kandhakke kowe. Sing campur ngunuh kuwi.*
- Peneliti : *Kakean banyu iki ora bisa. Kandhani kok.*
- Hamas : *Bisa ta.*
- Peneliti : *Tambahi sabun.*
- Hamas : *Om endi ta udhake? Diudhak iki. Ketemu om? Nya iki bisa. Kosik kosik kosik. Tak sebule sek.*
- Iyas : *Tanganmu ngene ya mas! Deloken ngeneya.*
- Hamas : *Dolanan sampo. Aja mbok nganu sek.*
- Iyas : *Njaluk.*
- Hamas : *Ditambahi banyu sithik.*
- Iyas : *Aja.*
- Hamas : *Nganu, sabun.*
- Iyas : *Iki ana.*
- Hamas : *Wis sithik.*
- Iyas : *Endi ta?*
- Peneliti : *Assalamu'alaikum.*
- Hamas : *Walaikumsalam.*
- Iyas : *Om Apri ning nggon kana.*
- Peneliti : *Om Apri ning kamar kok.*
- Hamas : *Iki lho mosok. Sulapan lho. Nganggo sabun sik.*
- Iyas : *Kosik. Iki kan bisa.*
- Hamas : *Om sing kon methuk ki aku.*
- Peneliti : *Tofa neng endi Tofa?*
- Hamas : *Sing kon methuk Apri.*
- Peneliti : *Bisa ora? Ndelok.*



Hamas : *Ngene iki lho. Iki kurang banyu ta om?*  
Peneliti : *Kurang sabun.*  
 Hamas : *Jupukke sabun om.*  
Peneliti : *Ning endi?*  
 Hamas : *Ning kana.*  
Peneliti : *Jupuk dhewe no! Sithik wae.*

## TRANSKRIP REKAMAN 41

**Hari/Tanggal** : Kamis, 1 Desember 2011

**Waktu** : 14.00 WIB

**Lokasi** : Jembatan

Hamam : *Kena apa dalane kaya ngana?*  
Peneliti : *Ya ben isa diliwati.*  
Hamam : *Kaya ngana lho.*  
Peneliti : *Ya kan abot.*  
Hamam : *Abot dadi kaya ngene.*  
Peneliti : *Mbledhos lemahe terus kena udan sisan kan mblekuk.*  
Hamam : *Udan ki air?*  
Peneliti : *Banyu.*  
Hamam : *Banyu. Le nggendhong tekan kene.*  
Peneliti : *Uwis, mudhun?*  
Hamam : *Iki nggo ngapa iki?*  
Peneliti : *Wesi.*  
Hamam : *Wesi nggo ngapa?*  
Peneliti : *Nggo bantalan alas jembatan.*  
Hamam : *Nggo bantalan jembatan ta?*  
Peneliti : *Kretek.*  
Hamam : *Kretek ta. Lha kana kuwi apa?*  
Peneliti : *Padha cakruk.*  
Hamam : *Cakruk?*  
Peneliti : *O dudu, kuwi alat kanggo ngunggah-ngunggahke wesi.*  
Hamam : *Om, liwat kene om.*  
Peneliti : *Nek ana ulane piye.*  
Hamam : *Wedi ana ulane. Kerjane ngapa wae om? Nggo ngapa om?  
Ngunggahne sing dawa dawane kae piye om?*  
Peneliti : *Lha ya ngunggahke wesi.*  
Hamam : *Lha ya piye?*  
Peneliti : *Ana setirane.*  
Hamam : *Nganggo kuwi?*  
Peneliti : *Dudu.*  
Hamam : *Ngunggahke sing dawa-dawane kae piye om?*  
Peneliti : *Ditaleni digandhulke alat sing nggo ngunggahke.*  
Hamam : *Sing dawa-dawa kae lho.*  
Peneliti : *Lha iya, kuwi lak sambung-sambungan kae lak pretelan, le  
ngunggahke sij- siji ora wutuhan .*  
Hamam : *Nek ngunggahke sing kuwi kepiye?*  
Peneliti : *Ya ora bisa nek ora nggo alat. Nek ora nggo kuwi ora dadi.*  
Hamam : *Arep ning ngendi?*

Peneliti : *Kosik. Kene le ngarep.*  
 Hamas : *Ora ngerti po om dalane.*  
 Peneliti : *Lha iya. Mburi ya kena.*  
 Hamas : *Satu dua tiga empat.*  
 Peneliti : *Kene wae.*  
 Hamas : *Ngetung maneh. Satu terus dua terus pira?*  
 Peneliti : *Tiga empat.*  
 Hamas : *Lewat kali mengko.*  
 Peneliti : *Ora.*  
 Hamas : *Kuwi.*  
 Peneliti : *Ora. Sawah kuwi. Pari.*  
 Hamas : *Sawah sing ora ana pari kanggo bal- balan. Lewat kana wae. Dalane ditutup kok. Enek sing mati akeh banget kok. Enek trontron. Muter kana om. Kana kae sawah loro.*  
 Peneliti : *Ora nginep ning mbahmu Klaten?*  
 Hamas : *Ora.*  
 Peneliti : *Eneng bakso kok.*  
 Hamas : *Iya bakso enak.*  
 Peneliti : *Mangan bakso terus nek ning kana?*  
 Hamas : *Iya, mie ayam.*  
 Peneliti : *Kowe senenge mangan apa?*  
 Hamas : *Bakso, mie ayam, sate, gule, tongseng, tengkleng, soto enak.*  
 Peneliti : *Apa meneh?*  
 Hamas : *Iwak, pitik, kentucky, akeh. Dalane kana om.*  
 Peneliti : *Iya po?*  
 Hamas : *Iya, muter. Kebablasen.*  
 Peneliti : *Iya kebablasen.*  
 Hamas : *Tekan kene.*  
 Peneliti : *Kowe kok apal dalane?*  
 Hamas : *Apal no.*

## TRANSKRIP REKAMAN 42

**Hari/Tanggal** : Kamis, 1 Desember 2011

**Waktu** : 16.30WIB

**Lokasi** : Teras

- Hamam : *Piye om?*  
Peneliti : *Apane?*  
Hamam : *Balapane.*  
Peneliti : *Balapane ya nyeting pit sik. Diuthek-uthek. Terus ning star kae lho. Terus balapan.*  
Hamam : *Menang apa kalah?*  
Peneliti : *Menang. Nomer loro.*  
Hamam : *Jenenge sapa?*  
Peneliti : *Mas Agung.*  
Hamam : *Pite apa?*  
Peneliti : *Satria.*  
Hamam : *O, satria. Ning ngendi ta?*  
Peneliti : *Ning Magelang kae lho. Ning sebelah wetan nggon mbah buyut.*  
Hamam : *Lha kae kok ora ana pite?*  
Peneliti : *Ning Mbah buyut wetan.*  
Hamam : *Wetan ngendi?*  
Peneliti : *Cerak masjid.*  
Hamam : *Ow, Agung Mbak Pipit ta? Sing enek jupitere kae?*  
Peneliti : *Ho'oh. Seneng balapan ta kowe?*  
Hamam : *Seneng.*  
Peneliti : *Angel apa gampang?*  
Hamam : *Tanganku ceklek le balapan ya mas ya? Ning sekolahan ana balapan. Biasane sing balapan adike tante Pipit?*  
Peneliti : *Iya, nek mase mekanike, nek adike mbalap.*  
Hamam : *Juara pira?*  
Peneliti : *Loro apa telu pas ning Purworejo.*  
Hamam : *Nguthek-nguthek mesin?*  
Peneliti : *Iya nguthek- nguthek mesin.*  
Hamam : *Mbeloke miring banget.*  
Peneliti : *Ya ana sing lurus ana sing miring.*  
Hamam : *Yen balapan ana sing tiba ora?*  
Peneliti : *Ya enek. Akeh. Kowe mlebu garasi ora pas ning Magelang?*  
Hamam : *Ora.*  
Peneliti : *Kae ana loro protolan.*  
Hamam : *Aku sesuk arep nyoba pit sesuk. Arep balapan menangan. Sesuk kowe prei om?*  
Peneliti : *Preiku tahun baru.*

Hamas : *Tanggal pira?*  
Peneliti : *Tanggal siji.*  
Hamas : *Sesuk aku ning Jogja.*  
Peneliti : *Ngapa?*  
Hamas : *Numpak sepur. Aku melu karo bu gurune kabeh. Bisa balapan.bisa dolanan, bisa PS.*